

Move Èd la Ka Fè Ou Mal

KOTE POU JWENN BON ÈD LA

Lè ou bezwen èd pou demach imigrasyon ou yo, li enpòtan pou jwenn bon èd la.
SWIV KONSEY SA YO:

1 Jwenn Èd nan Bon Kote a

✓ **FÈ SA:** Itilize sit entènèt ki fyab pou jwenn yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite.

- **SIT ENTÈNÈT KI FYAB:** [DOJ Recognition & Accreditation Program](https://www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports) ([Pwogram Rekonesans ak Akreditasyon DOJ](#))
www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports
- **SIT ENTÈNÈT KI FYAB:** [Catholic Legal Immigration Network Affiliate Directory](http://www.cliniclegal.org/find-legal-help/affiliates/directory) Repètwa Afilye Catholic Legal Immigration Network www.cliniclegal.org/find-legal-help/affiliates/directory
- **SIT ENTÈNÈT KI FYAB:** [National Immigration Legal Services Directory – Immigration Advocates Network](#) (Repètwa Nasyonal Sèvis Jiridik Konsènan Imigrasyon – Immigration Advocates Network)

✗ **PA FÈ SA:** Chèche èd oswa peye pou sèvis sou rezo sosyal yo.

2 Chèche Konnen Depans yo Anvan Ou Kòmanse

- Avoka prive faktire onorè. Chèche konnen modalite peman yo.
- Òganizasyon san bi likratif yo ka ede gratis oswa a pri ba (èd "pro bono").

✓ **MANDE SA YO:** [Konbyen sa ap koute? Èske gen frè administratif?](#)

3 Fè Atansyon ak Moun Ou Fè Konfyans

- Gen moun ki pran pòz yo se avoka oswa ajan imigrasyon.
- Fè atansyon ak nenpòt moun ki kontakte ou sou rezo sosyo oswa rele ou pou mande lajan.
- Moun nan kominote a ki pa gen lisans ka vle ede, men yo ka fè erè grav ki ka koute chè

✗ **Pa janm peye yon moun sou entènèt oswa pa telefòn ki mande lajan touswit. [PA PEYE](#) pa Zelle.**

4 Konnen Dwa Ou antanke Kliyan

- Yon vrè konseye jiridik ap ba ou yon kontra ekri.
- Ou gen dwa konsilte tout dokiman ak fòm yo anvan yo voye yo bay otorite yo.
- Ou gen dwa gen kopi tout sa ki nan dosye ou.

✓ **Ou gen dwa konnen dewoulman pwosesis la.**

5 Enfòmè Zanmi W ak Fanmi W

✓ **FÈ SA:** pataje gid sa a ak kominote w. Si ou jwenn yon bon konseye jiridik, rekòmande yo bay lòt moun.

✓ **FÈ SA:** Ede zanmi ou yo pwoteje yo kont fo konseye jiridik.

Kijan Pou Verifye Otantisite yon Konseye Jiridik

- Mandè non li ak non òganizasyon li.
- Chèche enfòmasyon sou li sou sit entènèt DOJ (Depatman Jistis) oswa nan yon repètwa jiridik ki fyab.
- Mandè pou wè lisans li anvan ou peye nenpòt lajan. Sèvi avèk lis 50 eta pou tcheke sa a pou asire w ke yo byen kanpe avèk Tribinal Eta yo a.
www.americanbar.org/groups/legal_services/flh-home/flh-lawyer-licensing/
- Rele òganizasyon an pou asire w moun nan vrèman ap travay la.

NPÒTAN: Sèlman avoka ak reprezantan ki akredite nan DOJ ki ka ede w legalman nan demach imigrasyon.

[Pa peye okenn lòt moun pou sèvis imigrasyon.](#)



Sèvi avèk gid etap-pa-etap sa a pa Asosyasyon Bawo Ameriken an pou aprann kijan pou verifye.

<https://www.americanbar.org/content/dam/aba/administrative/immigration/immigration-scams-identify-and-verify-english.pdf>